

Pwomosyon lang kreyòl ak kilti ayisyen

Kreyòl ayisyen nan espresyon lasyans: ideyoloji ak reyalite

Samdi 11 desanm 2021

Sou Zoom



Renauld Govain

renauld.govain@ueh.edu.ht

Twitter: [@renauld_govain](https://twitter.com/renauld_govain)

Université d'Etat d'Haïti



PLAN

1. Entwodiksyon : plas lang nan rechèch an Ayiti
2. Èske genyen yon « rechèch ayisyen »?
3. Kreyòl nan inivèsite / kreyòl nan rechèch
4. Memwa yo elabore an kreyòl
5. Kreyòl nan espresyon lasyans : Aspè ideyolojik
6. Pwoblèm (en)disponiblite konsèp yo
7. Rezoud pwoblèm endisponiblite konsèp yo
8. Brèf sentèz
9. Dènye pawòl

Entwodiksyon : plas lang nan rechèch an Ayiti

Esepte Emmanuel et al. (2020) e Govain (2021), pèsonn pa (ko?) poze pwoblèm lang ki dwe sèvi pou esprime lasyans an Ayiti

Poutan se yon kesyon ki merite poze, sitou nan yon Leta militeng yo kote yo vle lang yo egal-ego, sitou nan domèn rechèch-aksyon ki genyen yon dimansyon kominotè

Nan atik « La recherche universitaire en Haïti : éléments de diagnostic, enjeux et perspectives » (*Le Nouvelliste* du 26 janvier 2017), ki genyen 1 776 mots, Paul Yves Fausner pa fè okenn referans sou kesyon lang nan. Nou pa jwenn mo tankou *lang, lengwistik, kreyòl, frane, angle...* ladan.

Creutzer Mathurin (1997) non plis, nan rapò rechèch ki titre « *L'enseignement supérieur en Haïti : état, enjeux et perspectives* », pa poze kesyon lang ki dwe sèvi nan espresyon rechèch an Ayiti, ni plas kreyòl la nan rechèch la.

Pwoblèm rechèch nan rapò ak lang ayisyen yo dwe poze sitou si nou konsidere yo fè rechèch pou pote repons pou pwoblèm sosyo-kominotè. An plis, yo dwe mete rezilta rechèch sa yo a dispozisyon chak sitwayen si nou vle rezoud pwoblèm yo. An Ayiti, pou nou touche chak grenn sitwayen, nou oblije sèvi ak kreyòl.

Entwodiksyon : plas lang nan rechèch an Ayiti

Obsèvasyon nou tout kapab fè montre franse se prensipal lang nan rechèch an Ayiti

Lè nou reflechi sou fonksyon sosyal rechèch nan yon kominote, nou jwenn li nesesè pou nou panche sou kesyon lang nan

Paske rechèch se yon mwayen pami lòt ki pèmèt nou oryante lavi kominote a pi byen pandan n ap chèche amelyore lavi sitwayen yo.

Jeneralman, imajinè popilè a kwè se lang peyi a ki pou sèvi pou pwodui epi esprime konesans syantifik nan peyi a.

Men, nan ka yon peyi kote yo pale plizyè lang ki ofisyèl, kesyon an vin pi konplèks. Men tou, jodi a, mondyalizasyon avèk entènasyonalizasyon rechèch ak inivèsite fè kesyon an vin pi enpòtan toujou.

Mondyalizasyon an fasilite monte angle kòm prensipal « lang rechèch », « lang lasyans ». Se yon reyalite nou pa kapab inyore jodi a.

Nan ki nivo nou ye nan sèvi ak kreyòl nan rechèch an Ayiti? Ki sa nou kapab di pou angle nan domèn sa a?

Plas anglè nan « rechèch ayisyen »

Mondyalizasyon an fè pwomosyon pou angle kòm lang rechèch entènasyonal, lang lasyans, lang teknoloji... Se sa nou rele « *mondyalè* » oswa « *globalè* » (Govain, 2013) : « angle-lang-monn » nan Kòlèg ayisyen yo paibliye an angle nan reviy ayisyen. Men, kèk nan yo publiye nan reviy anglofòn etranje oswa nan liv kolektif sou direksyon kòlèg anglofòn oubyen yo abitye enplike sou pwojè kolaboratif an angle

Revi frankofòn yo egzije yon « *abstract* » obligatwa tandiske, an jeneral, reviy anglofòn yo pa egzije rezime an franse.

Revi frankofòn yo pi fasil asepte atik an angle pase reviy anglofòn yo asepte atik an franse.

Angle prezan nan espas karibeyen an e ozEtazini ki nan vwazinay Ayiti. Kòlèg Inivèsite « West Indies » ak Inivèsite Pòtoriko yo publiye jeneralman an angle.

Angle se prensipal lang « *Haitian Studies Association* » oswa « *Caribbean Studies Association* » ki travay sou pwoblematik ki angaje SML.

Men, pa bliye, SML yo pale de nou, de istwa nou, de nati nou, de konfli nou yo... kon sa, nou dwe esprime yo nan yon lang ki pale ak nou, ki rezone nan nanm nou, ki trase pakou nou oswa batay nou kòm pèp e kòm moun....

Kreyòl nan Inivèsite

Piblikasyon nan yon 'lang entènasyonal' ki pa fè pati lang nasyonal yon kominote konsène sa nou ta ka rele *konesans entènasyonal*. Nan moman entènasyonalizasyon rechèch, lakonesans an jeneral ak inivèsite, piblikasyon nan yon lang opinyon inivèsite entènasyonal konsidere kòm '*lang entènasyonal*' vale teren anpil.

Se sa ki plis favorize angle a. C. Hagège (2012) konsidere sa tankou yon move esperyans pou lòt lang nasyonal yo. Sa rezime nan tit liv li a « Contre la pensée unique ».

Kreyòl pa janm antre nan inivèsite ofisyèlman kòm lang ansèyman

Li antre kòm lang anseye nan kèk fakilte nan domèn syans SML

Anseye (an) kreyòl pa te byenvini nan inivèsite avan kòmansman ane 1990 yo

Reyaksyon negatif sou desizyon Konsèy ILA pou entegre kreyòl nan egzamen konkou tout fakilte yo epi pou anseye lang nan an patikilye nan fakilte evolye nan domèn SML yo nan kouran ane 2000 yo

Èske genyen yon « rechèch ayisyen »?

Repons lan se wi kanmèm, menm si nou dwe mete kèk ti bemòl ladan.

Paske nou jwenn inivèsite an Ayiti, menm si yo plis oryante nan ansèyman nan nivo premye sik pase nan rechèch. An plis, nou kòmanse devlope nivo mastè ak oryantasyon rechèch e menm doktora

Nan kontèks inivèsite sa yo tou nou jwenn kòmanse gen revè ki abòde rechèch nan domèn syans fondamantal e aplike oubyen syans moun ak lasosyete (SML), menm si majorite nan yo pa referanse e nou dwe kesyone kalite pwodiksyon yo, difikilte pou yo kenbe yon peryodisite regilye nan parisyon yo

Pami revè sa yo nou kapab site :

- 1) *Rencontre* (« Centre de recherche et de formation économique et sociale pour le développement : CRESFED ») ;
- 2) *Haïti Perspectives* (« Groupe de réflexion et d'action pour une Haïti nouvelle : GRAHN ») ;
- 3) *Revue de la Société haïtienne d'Histoire, de Géographie et de Géologie* ;
- 4) *Chantiers* nan Inivèsite Leta Ayiti ;
- 5) *Recherches, Études et Développement (RED)* nan Inivèsite Leta Ayiti.

An plis, gen laboratwa rechèch nan kad fonksyonman inivèsite an Ayiti

Kreyòl nan rechèch

Men, yo kòmanse esperyans piblikasyon nan ane 1970 yo. Men kèk egzanp :

- M.-R. Trouillot a publié à en 1977 *Ti dife boule sou istwa Ayiti*. Se yon esè ki mete kèk esperyans istorik disponib an kreyòl ayisyen
- F. Sévrin fè plizyè piblikasyon itilite. Sa ki pi enpòtan an parèt an 2002 *Plant akpyebwa tè d Ayiti* (Edisyon Quitel, Pòtoprens, 2002) yon liv ki trete prensipalman done sou botanik men tou ki fè lyen ak lòt disiplin konèks
- Y. Dejean fè anpil piblikasyon an kreyòl sou gramatizasyon lang nan. Liv li nou plis konnen se esè li rele *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tètanba* - (Deschamps, 2006 & Éditions de l'UEH, 2013)
- R. Govain dirije an 2013 piblikasyon rekèy tèks kèk nan patisipan nan kòlòk ki te vize tabli Akademi Kreyòl ayisyen an (2011)

Michel DeGraff fè kèk piblikasyon an kreyòl depi nan kòmansman ane 2010 yo

Kontribisyon E. Emmanuel ak R. Govain nan tradiksyon rezime piblikasyon labo y ap dirije yo an kreyòl epi ki disponib sou platfòm HAL nan CNRS

Memwa yo elabore an kreyòl

Nan istwa inivèsite an Ayiti, yo déjà reyalize 12 memwa an kreyòl :

- 1) *Lang kreyòl ak mòd kominikasyon nan radyo Pòtoprens yo. Ka emisyon nouvèl moun Ticheri koute*, Edeline Laurenceau, FASCH, 1998.
- 2) *Kominikasyon ak idantite : Etid sou rapò kreyòl ak franse nan repwodiksyon sosyal ki fèt lekòl an Ayiti* Beudelaine Pierre, FASCH, 2002.
- 3) *Pwoblèm mo ak pawòl Ayisyen ki fè gwo klas chwazi lè yo sèvi ak kreyòl nan estil fòmèl*, Lemète Zéphyr, FLA, 2004.
- 4) *Rapò franse ak nan estratèji diskou ayisyen (Analiz semyotik ak sosyolengwistik kat (4) tèks Maurice Alfredo Sixto)* Mérant Wesner FLA, 2005.
- 5) *Kreyolizasyon tèm ak konsèp ki itilize nan domèn telefòn mobil an Ayiti*, Enold Michel, FLA, 2014
- 6) *Apwòch pragmatik nan tradiksyon enonse metaforik franse / kreyòl : revizyon konstitisyon ayisyen 1987*, Verly Sylvestre, FLA, 2015
- 7) *Wòl sentaksik ak enplikasyon enonsyatif « ak » avèk « epi »*, Djarphline Saintiné, FLA, 2015.
- 8) *Ansèyman kreyòl nan twaeyèm sik fondamantal soti nan lane 2005 rive nan lane 2010. Ka Leyogàn*, Josué Jean Julien, FLA, 2015
- 9) *Analiz leksiko-semantik ak sosyolengwistik ago kreyòl*, Daniel Sinéus, FLA, 2015.
- 10) *Ekonomi agrè ak devlopman rapò pwodiksyon nan milye riral nan kontèks sou devlopman ann Ayiti*, Wisner Baguidy FE, 2016.
- 11) *Konsiderasyon sosyal ak jiridik sou sitiyasyon fanm ki ap fè pwostitisyon : ka bouzen fanm sou Channmas*, Guerry Duversaint, École de Droit et des Sciences économiques des Cayes, 2017.
- 12) *Etid sou respè dwa lengwistik nan ansèyman fondamantal ann Ayiti : egzanp twa lekòl nan zònmetwopilitèn Pòtoprens*, Nardine Désulma, FLA, 2021

An 2016, amerikèn Lydia Bradford fè yon memwa premye sik sou pwezi ayisyen an kreyòl nan Duke University.

Kreyòl nan espresyon lasyans : Aspè ideyolojik

An 1811, otè « *Idylles et Chansons ou essais de Poésie Créole* » la ekri : « La langue Créole est une espèce de jargon que parlent généralement les Noirs, les Créols (sic.), et la plupart des habitans (sic.) des Iles de l'Amérique. C'est un Français corrompu, abâtardi, mais approprié à des organes plus doux » (ref.: Valdman, 1978 : 99).

Jean Price-Mars adopte lide « kreyòl bata » a tou lè li konsidere kreyòl ayisyen an kòm « un patois indigène [...] un ramassis étrange de termes français corrompus, mêlés à quelques mots anglais, espagnols, caraïbes et africains » (Price-Mars, 1939 : 71).

Menm jan an tou, Lucien Adam (1883), konsidere kreyòl kòm yon lang ki soti nan yon ras ki enferyè lengwistikman enferyè (li fè referans ak esklav afriken yo te depòte an Amerik) konparativman ak kolon franse yo : « le créole est l'adaptation du français, de l'anglais, de l'espagnol au génie pour ainsi dire phonétique et grammatical d'une race linguistiquement inférieure » (ref.: Valdman 1978 : 17).

Defen pwofesè-prezidan Lesly Manigat deklare nan yon konferans pou lanse yon kòlòk entènasyonal ILA te òganize soti 8 rive 10 jen 2010 sou rekonstriksyon peyi a apre tranblemanntè 2010 la : « La créolophonie n'est pas seulement une limitation mais une infirmité » (Mathieu, 2012).

DeGraff (2003, 2005) rasanble enfòmasyon nan yon seri liv yo ekri depi tan lakoloni epi apre peryòd sa a ki veyikile lide negatif sou kreyòl. Dapre lide negatif sa yo, kreyòl yo ta rezilta yon « esepsyonalis lengwistik ».

Kreyòl nan espresyon lasyans : Aspè ideyolojik

Men yon rezime konklizyon agiman DeGraff (2003, 2005) sou « esepsyonalis lengwistik » la :

Tout lang kapab esprime lasyans ak teknik, esepite kreyòl ;

Tout lang kapab devlope diskou bèbèl tankou pwezi, esepite kreyòl ;

Tout lang se zouti espresyon tout kalte konesans, zouti pou panse, esepite kreyòl ;

Tout lang se sistèm ki konplike, esepite kreyòl ;

Tout lang kapab suiv yon lòd sentaksik byen defini, esepite kreyòl ...

Louis Gentil Tippenhauer (1893) ekri kreyòl ayisyen posede yon vokabilè ki pòv ; nosyon abstrè yo pa egziste nan lang sa a ; ou pa prèske jwenn mo ladan pou esprime atizay (« l'art »), lasyans oswa endistri.

Pou Saint-Quentin (19^{èm} syèk), kreyòl yo se adaptasyon lang ewopeyen kote yon ras moun ki enferyè ap eseye pale lang sa yo (ref.: DeGraff 2021).

Pou Derek Bickerton, kreyòl kòm *fossil lengwistik* (lang ki remonte nan peryòd primitif, pre-istorik). Li wè yo tankou laboratwa pou ede konprann jan *Omo Sapyens* yo te pale.

Kreyòl nan espresyon lasyans : Aspè ideyolojik

Anpil moun te toujou kwè kreyòl la se zouti kominikasyon vènakilè ki pa ka esprime lasyans sou pretèks konsèp yo pa egziste.

« Jusque-là, le créole a servi le plus souvent à diffuser des idées ringardes et obscurantistes » (Georges Castera « Quelle politique linguistique pour Haïti ? » #0001 (7 avril 2005) de *Réflexions pour l'avenir*).

Jean Métellus te kwè yo ka fè pwezi an kreyòl men pa lasyans : « avec le créole on peut faire beaucoup de choses, mais on ne peut pas faire de la physique, on ne peut pas faire de la chimie, on ne peut pas faire des mathématiques, ni la médecine, ni la biologie » (Journal *Haïti en marche* 11 mas 1998).

Poutan, I. Vintilă-Rădulescu (1976) kwè yo te déjà kapab sèvi ak kreyòl ayisyen an nan domèn sa yo depi nan kòmansman XIX^e syèk la paske kategori lengwistik li yo te déjà byen devlope.

Dapre A. Valdman (2005, 2015), kreyòl ayisyen an se varyete kreyòl ki atenn pi wo nivo estandadizasyon ak enstrimantalizasyon.

Kreyòl ayisyen nan espresyon lasyans : (en)disponiblite konsèp yo

Kesyon endisponiblite konsèp la se yon vrè fo pwoblèm paske konsèp yo se yon seri *inivèsal* nou kapab adapte nan anpil lang pou esprime reyalite yo viv nan divès lang.

Yon konsèp se yon zouti espresyon esplikatif ki depase senp estad vènakilè pou esprime yon reyalite teknik, syantifik.

Se yon etikèt espesifik ki genyen yon valè transvèsal, ki vwayaje soti nan yon lang rive nan yon lòt. Men siyifyan konsèp la sou oblije adapte nan sistèm fonolojik lang ki prete li a

Si se pa te karaktè tranvèsal konsèp yo, gen anpil lang ki pa ta gen konsèp pou esprime reyalite teknik

Dekonpozisyon mòfolojik konsèp yo montre majorite nan yo soti nan lang ansyen tankou grèk ak laten

Se plis konsèp yo kreye pou esplike nouvo reyalite n ap viv yo ki pa soti nan lang ansyen sa yo

Nou pral chita sou aspè transvèsal konsèp yo

Ki sa yon konsèp ye?

Konsèp la se sa yo rele yon ideyasyon, yon mo ki pèmèt ou modelize (reprezante) yon lide abstrè ou pa toujou kapab obsève epi konprann avèk ògán sans ou. Se yon mo teknik ki reprezante tout yon esperyans ki souvan chita nan yon domèn syantifik espesifik.

Mo lang vènakilè a yo pa esprime lasyans paske yo gen anpil limit semantik : yo souvan esprime sa ou kapab obsève fasilman avèk ògán sans ou epi yo souvan polisemik

Konsèp la sèvi pou ‘modelize’ yon esperyans abstrè (rann li esplikab) li rann pi ‘potab’, pi konpreyansib sou plan anpirik. Mo yo souvan polisemik, men konsèp yo souvan monosemik, menm si yo kapab chita nan plizyè disiplin syantifik alafwa, men, nan chak disiplin sa yo, jeneralman yo gen yon sèl sans.

Sa ki diferansye yon mo ak yon konsèp, premye a se etikèt leksikal lang nou tout pratike a mete a dispozisyon nou pou nou kominike, tandiske dezyèm nan (konsèp la) se yon tèm ou jwenn espesifikman nan yon domèn syantifik oswa teknik espesyal : « est scientifique ou technique un vocable qui appartient en propre à une communauté donnée, une communauté des savants ou corporation de métier » (Martin, 2007 : 29).

Tablo 1 : Konsèp transvèsal ak sifiks « -loji »

Fransè	Kreyòl	Anglè	Espányòl	Pòtigè	Alman
physiologie	fizyoloji	physiology	fisiología	fisiologia	Physiologie
Morphologie	mòfoloji	morphology	morfología	morfologia	Morphologie
géologie	jewoloji	geology	geología	geologia	Geologie
sismologie	sismoloji	seismology	sismología	sismologia	Seismologie
radiologie	radyoloji	radiology	radiología	radiologia	Radiologie
biologie	byoloji	biology	biología	biologia	Biologie
phénoménologie	fenomenoloji	phenomenology	fenomenología	fenomenologia	Phänomenologie
victimologie	viktimoloji	victimology	victimología	vitimologia	Victimology
ophtalmologie	oftalmoloji	ophthalmology	oftalmología	oftalmologia	Ophthalmologie

Tableau 2 : Konsèp transvèsal ak sifiks « -is »

Fransè	Kreyòl	Anglè	Espányòl	Pòtigè	Alman
communisme	kominis	communism	comunismo	comunismo	Kommunismus
archaïsme	akayis	archaism	arcaísmo	arcaismo	Archaismus
protestantisme	pwotestantis	protestantism	protestantismo	protestantismo	Protestantismus
créolisme	kreyolis	creolism	criollismo	creolism	Creolism
caporalisme	kaporalis	caporalism	corporalism	corporalism	Corporalism
centralisme	santralis	centralism	centralismo	centralismo	Zentralismus
bébehaviorisme	behavyoris	behaviorism	behaviorismo	behaviorismo	Behaviorismus
positivisme	pozitivis	positivism	positivismo	positivismo	Positivismus
cognitivisme	koyitivis	cognitivism	cognitivismo	cognitivismo	Cognitivism

Tablo 3 : Konsèp transvèsal san okenn sifiks espesifik

Fransè	Kreyòl	Anglè	Espányòl	Pòtigè	Alman
créole	kreyòl	creole	criollo	crioulo	Kreyole
diglossie	diglosi	diglossia	diglossia	diglossia	Diglossie
politique	politik	politics	política	política	Politik
mitochondrie	mitokondri	mitochondrion	mitochondria	mitocôndria	Mitochondrium
relativité	relativite	relativity	relatividad	relatividade	Relativität
atome	atòm	atom	átomo	atomo	Atom
nosocomiale	nozokomyal	nosocomialz	nosocomial	nosocomial	nosokomiale
factoriel	faktoryèl	factorial	factorial	factorial	fakultät
Scalpel	bistouri	scalpel	escalpelo	esclapelo / busturi	Skalpell

Tableau 4 : Konsèp transvèsal ak sifiks « -grafi »

Fransè	Kreyòl	Anglè	Espányòl	Pòtigè	Alman
photographie	fotografi	photoigraphy	fotografía	fotografi	Fotografie
géographie	jewografi	geography	geografía	geografia	Geographie
Océanographie	oseyanografi	oceanography	oceanografía	oceanografia	Ozeanographie
philosophie	filozofi	philosophy	filosofía	filosofia	Philosophie
Mammographie	mamografi	mammography	mamografía	mamografia	Mammographie
bibliographie	bibliyografi	bibliography	bibliografía	bibliografia	Bibliographie
lexicographie	leksikografi	lexicography	lexicografía	lexicografia	Lexikographie
cartographie	katografi	cartography	cartografía	cartografia	Kartographie
scénographie	senografi	scenography	escenografía	cenografia	Szenografie

Tableau 5 : Konsèp transvèsal nan domèn gramè

Fransè	Kreyòl	Anglè	Espányòl	Pòtigè	Alman
nom	non	noun	nombre	nome	Name
article	atik	article	artículo	artigo	Artikel
adjectif	adjektif	adjective	adjetivo	adjetivo	Adjektiv
pronom	pwonon	pronoun	pronombre	pronome	Pronomen
verbe	vèb	Verb	verbo	verbo	Verb
préposition	prepozisyon	preposition	preposición	preposição	Präposition
adverbe	advèb	adverb	adverbio	advérbio	Adverb
conjonction	konjonksyon	conjunction	conjunción	conjunção	Konjunktion
interjection	entèjeksyon	interjection	interjección	interjeição	Interjektionen

Tableau 6 : Konsèp transvèsal nan domèn gramè

Fransè	Kreyòl	Anglè	Espányòl	Pòtigè	Alman
nom commun / nom propre	non komen / non pwòp	common name / proper name	nombre común / propio nombre	nome comum / próprio nome	allgemeine Name / Eigennamen
proposition juxtaposée	pwopozisyon jistapoze	proposal juxtaposed	propuesta yuxtapuestos	proposta justapostos	Vorschlag gegenüber
proposition coordonnée	pwopozisyon kowòdone	coordinated proposal	propuesta coordinada	proposta coordenada	koordiniert Vorschlag
proposition incise	fraz ensèsyon ou fraz ensiz	proposal incise	propuesta de incisión	proposta incise	Vorschlag incise
proposition subordonnée	fraz sibòdone	subordinate clause	oración subordinada	oração subordinada	Gliedsatz

Tablo 7 : Konsèp transvèsal ki pa gen yon sifiks espesifik

Fransè	Kreyòl	Anglè	Espányòl	Pòtigè	Alman
nom commun / nom propre	non jeneral / non patikilye	common name / proper name	nombre común / propio nombre	nome comum / próprio nome	allgemeine Name / Eigennamen
proposition juxtaposée	pwopozisyon kòtakòt	proposal juxtaposed	propuesta yuxtapuestos	proposta justapostos	Vorschlag gegenüber
proposition coordonnée	pwopozisyon lye	coordinated proposal	propuesta coordinada	proposta coordenada	koordiniert Vorschlag
proposition incise	fraz parantèz	proposal incise	propuesta de incisión	proposta incise	Vorschlag incise
proposition subordonnée	fraz depandan	subordinate clause	oración subordinada	oração subordinada	Nebensatz

Tablo 8 : Kèk konsèp ki pa transvèsal

Fransè	Kreyòl	Anglè	Espányòl	Pòtigè	Alman
illettrisme	iletris	iliteracy	analfabetismo	analfabetismo	Analphabetismus
patrimoine	patrimwàn	heritage	herencia	herança	Erbe
os	zo	bone	hueso	osso	Knochen
Sang	san	blood	sangre	Sangue	Blut
Foie	fwa	liver	hígado	Fígado	Leber
cœur	kè	heart	corazón	coração	Herz
locuteur	lokitè	speaker	hablante	alto-falante	Sprecher
développement durable	devlopman dirab	sustainable development	desarrollo sostenible	desenvolvimento sustentável	nachhaltige Entwicklung
quartier précaire	katye frajil	vulnerable neighbourhood	distrito insegura	distrito inseguro	unsicherer bezirk

Brèf sentèz

Pwesede nou itilize pou konsèp transvèsal yo se pretay dirèk. Se eleman pas-patou ki sèvi pou esprime menm reyalite a nan divès lang.

Men, nou ka fè yon neyolojis pou yon konsèp ki pa ko egiste nan yon lang. Prekosyon : neyolojis la dwe jwenn benediksyon sila yo ki dwe sèvi ak li nan aktivite rechèch yo

Anfen, nou ka adapte yon konsèp a pati yon mo vènakilè. Sa se yon pwosede analogik kote mo sa a sèvi pou esprime yon reyalite ki pwòch sa konsèp la esprime a. Lang alman an fè sa byen

Entuisyon nou kòm lokitè pèmèt nou kapab modelize tout kalite konsepsans. Kesyon analogi ajwe yon wòl nan sa : « Établir une analogie entre deux concepts serait impossible s'ils n'étaient pas munis d'une structure interne dans notre esprit : l'essence même de l'analogie réside dans l'appariement d'une structure mentale avec une autre » (Hofstadter et Sander, 2013 : 66).

Brèf sentèz

Chak lang gen yon sèten limit nan nivo konseptyèl lè nou konpare li ak lòt lang

Eleman konseptyèl moun bezwen pou esprime esperyans ak reyalite anviwònman li lontan pi enpòtan pase sa ki egziste konvansyonèlman epi ki a dispozisyon lokitè yo

Mo yo egziste an kantite sifizan pou esprime tout kalte esperyans. Men depi nou dwe esprime yon reyalite ki depase aktivite vènakilè, nou oblije sèvi ak konsèp men yo pa toujou emedyatman disponib nan lang nan

Chak pratik syantifik ou teknik fòme sa nou kapab rele avèk Douglas Hofstadter et Emmanuel Sander (2013) yon espas konseptyèl ki rann esperyans nou ap esprime yo pi aksesib. Yon lang se yon zouti konseptyalizasyon pou tout kalte esperyans moun ap viv nan tout kalte domèn

Brèf sentèz

Ekriti syantifik nan yon lang ki pa fòseman genyen yon gwo tradisyon syantifik mande yon aprantisaj

Retorik oral la diferan ak retorik ekri a. Retorik literè a diferan ak retorik syantifik la. Paske literati espresyon kreyòl ap devlope pa garanti devlopman kapasite espresyon syantifik ak teknik lang nan si chèchè yo pa santi nesesite pou investi lang nan nan domèn sa a kote konsèp yo pral rive ateri

Pwojè « modelizasyon konesans lokal » ILA te lanse a, se yon okazyon pou investi kreyòl la nan espresyon konesans sa yo. Revi syantifik « *Chantiers* » fèt nan kad pwojè sa a, menm si se an franse atik yo parèt an jeneral.

Envestisman lang nan nan espresyon lasyans kapab fè kèk « entelektyèl ayisyen » pa kontinye repete menm pawòl ideyolojik yo te konn ap repete nan XIX^e syèk la kont kreyòl yo.

Imajinè popilè a deside inegalite ant lang yo a pati kòpis literè lang yo dispoze oswa a pati diskou syantifik ki disponib. Men, nou bliye kòpis sa yo egziste paske yo fè lang nan travay nan dimansyon sa a : konsèp yo pa « lamán-di-syèl ».

Donk, feblès konseptyèl nou kwè kreyòl la genyen an se konsekans parès ak feblès aksyon « entektyèl kreyòl » yo!

Chak lang se yon enstriman vilgarizasyon sa nou kapab rele « sivilizasyon inivèsèl ». Se gras ak manipilasyon konsèp yo l ap rive ranpli misyon sa a.

Brèf sentèz

Pyèj mondyalizasyon an byen mache : li fè nou kwè angle se lang lasyans. Si sa kontinye kon sa, nou va rive yon moman kote yon teknisyen va oblije itilize angle pou depoze yon brevè, kèlkeswa lang li, kèlkeswa kominote li ap depoze brevè a!

Poutan tout lang gen potansyalite pou esprime lasyans, menm sa ki pa gen gwo tradisyon espresyon reyalite syantifik tankou kreyòl yo

C. Hagège (2012 : 122) gen rezon raple nou : « toute langue humaine est le produit d'une histoire et de voies d'évolution chaque fois spécifiques, de sorte qu'aucune ne peut avoir le statut de langue scientifique universelle, qui subsumerait toutes les autres alors même que les évolutions qui les ont construites sont immensément diversifiées ».

Pa gen lang ki a-konseptyèl. Konseptyalize tout kalte reyalite se youn nan aktivite prensipal lang moun pale. Yo bezwen sèlman pou nou mete yo nan sitiyasyon pou li esprime yo

Pou rezoud pwoblèm endisponiblité konsèp yo?

Lang nan pa janm yon pwoblèm, men yon solisyon.

Lang nan se tankou yon bwat zouti. Li gen zouti pou tout kalte okazyon.

Nou dwe mete lang nan aleprè, pouse li nan dènye limit li pou nou fè li rann tout ji li

Pou Tontongi (2007), meye fason pou nou reponn diskou epilengwistik negatif sou kreyòl la, se pou nou envesti lang nan nan espresyon tout kalte diskou nan tout kalte disiplin syantifik yon fason pou nou abitye li ak kalte espresyon sa yo, kon sa konsèp va ateri nan lang nan

Y. Joseph (1989) ale nan menm sans lan. Li poze tèt li kesyon si kreyòl la gen kapasite pou esprime tout kalite konsepsans. Men jan li reponn :

« La réponse à cette question est certainement affirmative, mais on devra ajouter : il suffit de le (le créole) mettre en situation ».

Epi li pwopoze :

« création d'une commission permanente de terminologie technique et scientifique créole dont le but serait non seulement d'inventorier les lacunes du créole mais surtout faire des propositions et des interventions pertinentes en vue de générer et diffuser des termes pour désigner des réalités nouvelles relevant du domaine de la technologie et de la science ».

Dènye pawòl

An n evesti kreyòl la
nan espresyon lasyans jodi a
pou konsèp yo chita
nan lang nan demen !

Referans bibliyografik

- DeGraff, M. (2021), « Rèv Yves Dejean, rèv mwen, rèv ou, rèv nou : "... pou solèy ledikasyon rive klere an kreyòl ..." », Dans R. Govain (dir.), *Langues créoles : description, analyse, didactisation et automatisé. Hommage à Yves Dejean et à Pierre Vernet*, Montpellier, Presses universitaires de la Méditerranée, 177-201.
- DeGraff, M. (2005), Do Creole languages constitute an exceptional typological class? *Revue française de linguistique appliquée 1* (Vol. X), 11-24.
- DeGraff, M. (2003), Against Creole Exceptionalism. *Language 4*, Vol. 80, 834-839.
- Emmanuel, E. ; Govain, R. ; Cadet, R.L ; Guerrier, K. ; Benjamin, F. (2020), État des lieux de la recherche au sein des IES. [Rapport de recherche] CORPUHA (Conférence des Recteurs, Présidents et Dirigeants d'Universités et d'institutions d'Enseignement Supérieur Haïtiennes). [hal-02963603](#)
- Fedexy Jockey Berde, 2015, *Gramè deskriptif kreyòl ayisyen an*, JEBCA Éditions, Boston.
- Govain, R. (2013), « Le français haïtien et l'expansion du français en Amérique », dans V. Castellotti (dir.) *Le(s) français dans la mondialisation*, Bruxelles / Fernelmont, Éditions EME Intercommunications (Coll. "Proximités sciences du langage"), 85-103.
- Govain, R. (2021), De l'expression vernaculaire à l'élaboration scientifique : le créole haïtien à l'épreuve des représentations méta-épilinguistiques. *Revue Contextes et Didactiques. Émois épilinguistiques et raisonnements métalinguistiques dans les discours sur les créoles français*. Disponible sur <https://journals.openedition.org/ced/2723>
- Hagège, C. (2012), *Contre la pensée unique*, Paris, Odile Jacob.
- Hofstadter, D. et Sander, E. (2013), *L'analogie : cœur de la pensée*, Paris, Odile Jacob.
- Joseph, Y. (1989), « Le créole dans les sciences : problèmes et perspectives », dans *Hommages au Docteur Pradel Pompilus*, Port-au-Prince, Centre de Linguistique Appliquée, Université d'État d'Haïti, 17-36.
- Martin, R. (2007), « Traitement lexicographique des mots scientifiques et techniques » dans O. Bertrand, H. Gerner & B. Stumpf (dir.), *Lexiques scientifiques et techniques : constitution et approche historique*, Palaiseau, Editions Ecole Polytechnique, 27-32.
- Mathieu, S. (2010). Yon lèt tou ouvri pou Mesye Vernet Henry. *Le Nouvelliste* du 20 aout 2010. Disponible sur <https://lenouvelliste.com/article/82698/yon-let-tou-ouvri-pour-mesyevernet-henry>. Récupéré le 13 janvier 2021.
- Mathurin, C (1997), *L'enseignement supérieur en Haïti : état, enjeux et perspectives. Rapport soumis au Ministre de l'Éducation*, Port-au-Prince, MENJS.
- Pompilus, P. (1985), *Le problème linguistique haïtien*, Port-au-Prince, Les Éditions Fardin.
- Sylvain, S. (1936), *Le créole haïtien : morphologie et syntaxe*, Port-au-Prince, chez l'auteur et Wetteren (Belgique), De Meester.
- Tontongi (2007), *Critique de la francophonie haïtienne*, Paris, L'Harmattan.
- Valdman, A. (2015), « L'Akademi Kreyòl Ayisyen et la standardisation du créole haïtien », *Études Créoles* – Vol. XXXIII n°1 - 2015. URL: http://www.lpl-aix.fr/~fulltext/Etudes_Creoles/valdman.pdf
- Valdman, A. (2005), Vers la standardisation du créole haïtien. *Revue française de linguistique appliquée*, n°1, Vol. X, 39-52.
- Vintila-Radulescu I, 1976, *Le créole français*, Paris, Mouton.

Mèsi anpil wi